

DEPATMAN SÈVIS MOUN SANZABRI VIL NEW YORK.

Avi pou Odyans Piblik ak Posiblite pou Fè Kòmantè sou Règ nou Pwopoze yo

Kisa nou pwopoze? Depatman Sèvis Sanzabri Vil New York (“DHS”) ap pwopoze yon règ konsènan avi sou anplasman chèlètè yo.

Kilè epi ki kote odyans lan ap fèt? Odyans piblik la ap fèt a distans sou Zoom lendi 2 desanm 2024 a 10è nan maten. Moun ki ta renmen suiv odyans lan kapab patisipe sou:

Zoom (videyo ak odyo): <https://www.zoomgov.com/j/1611099761>

Oswa ale sou www.zoom.us, klike sou patisipe nan yon reyinyon (join a meeting) epi antre Nimewo Reyinyon (Meeting ID) an: 161 109 9761

Telefòn (odyo sèlman): 1-646-828-7666

Lè yo mande w sa a, antre nimewo reyinyon an: 161 109 9761

Kijan pou mwen fè kòmantè sou règ yo pwopoze yo? Nenpòt moun kapab fè kòmantè sou règ nou pwopoze yo pa mwayen:

- **Sitwèb.** Ou kapab voye kòmantè w yo bay DHS atravè sitwèb règ NYC a nan <http://rules.cityofnewyork.us>.
- **Imèl.** Ou kapab voye kòmantè yo atravè imèl nan DHSRules@dhs.nyc.gov. Tanpri mete “Avi DHS sou Anplasman Chèlètè yo” nan liy sijè a.
- **Kourye.** Ou kapab voye kòmantè yo nan kourye lapòs nan:

DHS Rules
c/o Office of Legal Affairs
150 Greenwich Street, 38th Floor
New York, NY 10007

Tanpri di aklè w ap fè kòmantè sou Règ Avi sou Anplasman Chèlètè yo.

- **Faks.** Ou kapab voye kòmantè yo pa faks nan 917-639-0413. Tanpri mete “Avi DHS sou Anplasman Chèlètè yo” nan liy sijè a.
- **Pran lapawòl nan odyans lan.** Ou kapab enskri pou ou pale nan odyans lan lè ou rele 929-221-7220 oswa lè ou voye imèl nan DHSRules@dhs.nyc.gov nan dat oswa avan kòmansman odyans lan nan lendi 2 desanm 2024 a 10è nan maten. Y ap rele moun ki pral pran lapawòl yo nan lòd yo te enskri a epi yo ap kapab pale jiska twa (3) minit. Tanpri sonje ke odyans lan se pou aksepte temwayaj oral sèlman epi li pa fèt nan fòm “Kesyon ak Repons”.

Èske gen yon dat limit pou soumèt kòmantè yo? Wi. Dat limit pou soumèt kòmantè yo se 2 desanm 2024 a minui. HRA dwe resevwa kòmantè yo ansanm ak mesaj yo voye pa imèl yo 2 desanm 2024 oswa avan dat sa a.

E si mwen bezwen èd pou m patisipe nan odyans lan? Si ou bezwen sèvis entèprèt lang oswa yon aranjman rezonab pou patisipe nan odyans lan, ou dwe di nou sa. Ou kapab di nou sa pa imèl nan DHSRules@dhs.nyc.gov. Ou ka di nou sa nan telefòn tou nan 929-221-7220. Li nesesè pou ou avèti nou davans pou ou kapab pèmèt nou genyen ase tan pou nou fè aranjman. Tanpri enfòmè nou avan dat 25 novanm 2024 lan a 5è nan aprèmidi.

Èske m kapab wè kòmantè yo fè sou règ yo pwopoze yo? W ap kapab li kòmantè yo fè anliy sou règ nou pwopoze yo lè ou ale sou sitwèb la ki se <http://rules.cityofnewyork.us/>. Kopi tout kòmantè yo soumèt sou entènèt yo, kopi tout kòmantè yo fè alekri yo, ak yon rezime konsènan kòmantè yo fè aloral sou règ nou pwopoze a ap disponib pou piblik la sou sitwèb DHS la tousuit apre odyans lan.

Ki sa ki otorize DHS fè règ sa a? Seksyon 603 ak 1043 nan Manman Lwa Vil New York. Yo pa t mete règ sa a yo pwopoze an nan kaladriye règleman DHS la pou ane fiskal sa a.

Ki kote mwen ka jwenn règ DHS yo? Règ DHS yo parèt nan tit 31 ki nan Règleman New York City yo.

Ki règ ki detèmine metòd pou fè règ yo? DHS dwe respekte kondisyon nou jwenn nan Seksyon 1043 Chat Vil la lè l ap kreye oswa chanje règ. Nou fè avi sa a dapre kondisyon nou jwenn nan Seksyon 1043(b) Manman Lwa Vil la.

Deklarasyon Rezon ak Objektif

An 2019, Sena Eta New York la te prezante yon pwojè lwa (S.7215-A), ki te pwopoze pou modifiye atik 21-324 nan Kòd Administratif Vil New York (“Kòd Administratif”) pou egzijè Depatman Sèvis pou Sanzabri vil New York la (“DHS” oswa “Depatman an”) pou fè yon odyans piblik nan distri kominotè a kote yo pwopoze yon nouvo chèlètè yo dwe lokalize pou sanzabri yo anvan yo mete l. Objektif pwojè lwa a se te ankouraje responsablite ak transparans nan otorize manm kominote ki enterese yo ak ofisyèl eli yo eksprime enkyetid yo, tankou sou sekirite piblik, transpò ak aksè nan edikasyon, konsènan yon pwopozisyon chèlètè pou sanzabri. Pwojè lwa a te vin tounen Chapit 383 nan Lwa 2020 yo.

Sepandan, Chapit 68 nan Lwa 2021 yo te modifiye atik 21-324 pou egzijè sesyon enfòmasyon piblik olye de odyans piblik paske yon egzijans odyans piblik ka lakòz reta initil nan pwosesis enplantasyon chèlètè a. Sesyon enfòmasyon piblik yo ap kontinye bay piblik la opòtinite pou poze DHS kesyon ak pale de enkyetid yo konsènan chèlètè ki pwopoze pou sanzabri yo ak anplasman yo san yo pa lakòz reta initil.

Atik 21-324, jan yo modifiye li a, enpoze DHS plizyè kondisyon. Premyèman, li egzije DHS pou "etabli yon pwosesis pou notifikasyon nouvo chèltè pou sanzabri yo," ki dwe gen ladann avi pou ofisyèl eli lokal yo ak konsèy kominotè kote chèltè a dwe ye a. Dezyèmman, li mande pou yo voye avi chak ane bay ofisyèl eli federal, etatik ak lokal k ap chèche anplasman potansyèl pou pwochen chèltè yo. Anfen, li egzije DHS pou "fè omwen yon sesyon enfòmasyon piblik sou sit nenpòt nouvo chèltè pou sanzabri" nan distri kominotè kote chèltè sa a dwe ye a, epi pou li afiche lè ak lokalizasyon sesyon enfòmasyon sa a, pa pita pase katòz. jou anvan sesyon sa a rive.

Pou akonpli manda sa a, DHS pwopoze pou etabli yon nouvo Chapit 6 nan Tit 31 nan Règ Vil New York yo ("Rules of the City of New York, RCNY") pou aplike pwosedi notifikasyon ak enfòmasyon piblik pou nouvo chèltè pou sanzabri yo.

Yo jwenn otorite Depatman an pou règ yo pwopoze a nan seksyon 389, 612, ak 1043 Chat la ak atik 21-324 nan Kòd administratif la.

Nou souliyen nouvo materyèl la.

[Enfòmasyon ki efase a anndan kwochè yo.]

Asterisk (***) fè konnen tèks la pa modifiye.

"Dwe" (Shall) ak "dwe" (must) note kondisyon obligatwa yo epi yo ka itilize yo yon fason pou youn ranplase lòt nan règ depatman an, sof si gen lòt espesifikasyon oswa sof si kontèks la endike lòt bagay aklè.

Seksyon 1. Tit 31 Règ Vil New York amande avèk yon nouvo chapit sis ki ajoute ladan li, ki dwe li jan sa endike anba la a:

Chapit 6: Piblikasyon Enfòmasyon Konsènan Nouvo Chèltè pou Sanzabri yo

§ 6-01. Definisyon. Selon jan yo di l nan chapit sa a, men kisa tèm ki vin annapre yo vle di:

(a) "Konduit" vle di dirije, kontwole, òkestre, òganize, kowòdone oswa patisipe nan yon sesyon enfòmasyon piblik.

(b) "Depatman" vle di Depatman Sèvis Sanzabri Vil New York.

(c) "Nouvo chèltè pou sanzabri" vle di yon etablisman depatman an pa t ko janm jere anvan kòm yon chèltè.

(d) "Seyans enfòmasyon piblik" vle di yon reyinyon an pèsòn oswa yon reyinyon vityèl oswa a distans, konferans, asanble, oswa lòt rasanbleman pèsònèl depatman an patisipe epi ouvè a piblik la.

(e) "Chèlèt" vle di nenpòt etablisman ki etabli epi opere nan objektif pou bay swen rezidansyèl tanporè depatman an bay pou granmoun ki san kay, fanmi adilt oswa fanmi ki gen timoun oswa pa yon founisè ki anba kontra oswa akò menm jan ak depatman an k ap aplike pou oswa resevwa asistans lojman tanporè.

(f) "Chèlèt ijans pou moun ki san kay" vle di nenpòt etablisman ki gen ebèjman pou dòmi lannuit lan, objektif prensipal li se pou bay moun k ap resevwa asistans lojman tanporè yon chèlèt tanporè epi ki louvri pandan yon eta ijans Majistra a deklare dapre atik 24 nan Lwa Egzekitif la oswa Gouvènè a deklare dapre atik 28 lwa sa a, oswa dapre yon mache pibik ijans.

§ 6-02. Pwosesis pou Notifikasyon yon Nouvo Chèlèt pou Sanzabri.

(a) Apre li fin idantifye yon nouvo chèlèt yo pwopoze pou sanzabri, men anvan li anrejistre devan kontwolè minisipal la yon kontra pou jere chèlèt sa a, depatman an ap:

(1) Bay tout ofisyèl eli federal, leta ak lokal yo, ansanm ak konsèy kominotè distri kominotè kote nouvo chèlèt pou sanzabri ki pwopoze a pral ye yon avi alekri, pou lokalize etablisman sa a epi nan entansyon depatman an pou enstale yon chèlèt nan etablisman an. Avi sa a ap gen ladan li:

(i) kote yo pwopoze pou nouvo chèlèt pou sanzabri yo;

(i) kote yo pwopoze pou nouvo chèlèt pou sanzabri yo;

(iii) popilasyon nouvo chèlèt pou sanzabri yo pwopoze a pral sèvi;

(iv) non founisè yo chwazi pou opere nouvo chèlèt pou sanzabri yo pwopoze a, si genyen;

epi

(v) dat ouvèti yo prevwa pou nouvo chèlèt pou sanzabri yo pwopoze a; epi

(2) Fè omwen yon seyans enfòmasyon piblik kote manm piblik la ka poze kesyon ak fè kòmantè nan distri kominotè kote nouvo chèltè pou sanzabri ki pwopoze a dwe ye;

(3) Pibliye sou sitwèb depatman an dat, lè ak kote oswa lyen sou Entènèt pou seyans enfòmasyon piblik sa a, ansanm ak adrès nouvo chèltè pou sanzabri yo pwopoze a, pa mwens pase 14 jou anvan dat yo pwograme sesyon sa a rive; epi

(4) Aksepte kesyon alekri ak kòmantè sou pwopozisyon pou mete yon nouvo chèltè pou sanzabri nan 14 jou apre dat seyans enfòmasyon piblik sa a.

(b) Pwosedir ki nan atik sa a pa aplike pou chèltè ijans pou sanzabri yo, a kondisyon sepandan, si yon chèltè ijans pou sanzabri ap fonksyone pi lwen pase dire eta dijans lan, dapre sa ki te etabli a, depatman an ap konfòme yo ak kondisyon notifikasyon ki dekri nan atik sa a anvan ou anrejistre nenpòt kontra oswa akò pou opere yon chèltè nan menm sit la devan kontwòlè minisipal la.

(c) Pa pita pase 31 mas chak ane sivil, depatman an ap voye yon avi alekri, elektwonik man ak nan kourye lapòs bay tout eli ofisyèl federal, etatik ak lokal pou mande pou ofisyèl sa yo idantifye kote potansyèl pou nouvo chèltè nan distri yo.

**NEW YORK CITY LAW DEPARTMENT
DIVISION OF LEGAL COUNSEL
100 CHURCH STREET
NEW YORK, NY 10007
212-356-4028**

SÈTIFIKASYON SELON

LWA § 1043(d)

TIT RÈG LA: Règ Ki Gen Rapò Ak Piblikasyon Enfòmasyon Konsènan Nouvo Chèlèt pou Moun ki Sanzabri yo

NIMEWO REFERANS: 2023 RG 107

AJANS KI ETABLI RÈG YO: “DHS” vle di Depatman Sèvis Moun Sanzabri Vil New York

Mwen sètifye biwo sa a te egzamine règ yo pwopoze epi yo dekri pi wo a jan seksyon 1043(d) Manman Lwa New York City a egzije sa, epi règ yo pwopoze epi yo dekri pi wo a:

- (i) ekri yon fason ki ap pèmèt yo akonpli objektif dispozisyon legal ki otorize a;
- (ii) pa opoze ak lòt règ ki aplikab yo;
- (iii) ekri yon fason limite pou atenn objektif li genyen an, nan mezi sa posib epi sa apwopriye;
- (iv) gen yon deklarasyon ladan li sou motif ak objektif yo ki esplike règ la ak egzijans règ la mande pou yo respekte yo byen klè, nan mezi sa posib epi sa apwopriye.

/s/ STEVEN GOULDEN
Konseye Prensipal

Dat la: 29 oktòb 2024

**NEW YORK CITY MAYOR'S OFFICE OF OPERATIONS
253 BROADWAY, 10th FLOOR
NEW YORK, NY 10007
212-788-1400**

**SÈTIFIKASYON / ANALIZ
SELON SEKSYON 1043(d) NAN MANMAN LWA A**

**TIT RÈG LA: Règ Ki Gen Rapò Ak Piblikasyon Enfòmasyon Konsènan Nouvo Chèlètè pou
Moun ki Sanzabri yo**

NIMEWO REFERANS: DHS-6

AJANS KI ETABLI RÈG YO: Depatman Sèvis Sanzabri

Mwen sètifye biwo sa a te analize règ yo pwopoze epi yo dekri pi wo a jan Seksyon 1043(d) Manman Lwa New York City a egzije sa, epi règ yo pwopoze epi dekri yo parèt pi wo a:

- (i) Li fasil pou moun konprann epi yo ekri li nan langaj ki klè pou kominote a oswa kominote yo ki anba règleman yo;
- (ii) Diminye frè pou yo mete l konfòm pou kominote endividyèl ki anba règleman yo oswa pou yo mete l konfòm ak plizyè kominote ki anba règleman yo sa ki koresponn ak reyalizasyon objektif règleman yo fikse a; epi
- (iii) Pa prevwa yon peryòd koreksyon paske li pa etabli okenn vlyolasyon, modifikasyon yon vyolasyon, oswa sanksyon ki asosye avèk yon vyolasyon.

/siyen/ Francisco X. Navarro
Biwo Operasyon Majistra a

29 Oktòb 2024
Dat